Pertemuan/Kelas : 7/X
Hari, tanggal : Selasa, 1 September 2026
Bab : BAB 2 TEKS PROSA

LATIHAN SOAL SUMATIF TENGAH SEMESTER

A. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, d, utawa e ing sangarepe wangsulan kang paling bener!

1. Gatekna novel-novel ing ngisor iki!

   (1) Bumi Manusia.
   (2) Ronggeng Dukuh Paruk.
   (3) Rante Mas.
   (4) Gandrung Putri Sala.

   Kang klebu novel Jawa yaiku katunjuk nomer ....

   a. (1) lan (3)
   b. (2) lan (4)
   c. (1) lan (2)
   d. (1) lan (4)
   e. (3) lan (4)

2. Gatekna jeneng-jeneng pengarang ing ngisor iki!

   (1) Any Asmara.
   (2) Tere Liye.
   (3) Fiersa Besari.
   (4) Adi Soendjaja.

   Kang klebu pengarang kasusastran Jawa katunjuk nomer ....

   a. (1) lan (2)
   b. (2) lan (3)
   c. (3) lan (4)
   d. (1) lan (4)
   e. (2) lan (4)

3. Nalika, karo, lan, banjur, mula, klebu tuladhane tembung ....

   a. panggandheng
   b. ancer-ancer
   c. panyilah
   d. panguwuh
   e. katrangan

4. Tembung kang dienggo menehi sesilah utawa sandhangane tembung aran kang wis genah diarani tembung ....

   a. panggandheng
   b. ancer-ancer
   c. panyilah
   d. panguwuh
   e. katrangan

5. Adhuh!, hore!, klebu tuladhane tembung ....
    a. panggandheng
    b. ancer-ancer
    c. panyilah
    d. panguwuh
    e. katrangan
6. Tembung kang nerangake rasa pangrasa diarani tembung ....
    a. panggandheng
    b. ancer-ancer
    c. panyilah
    d. panguwuh
    e. katrangan
7. Basa kang minggunakake tembung-tembung ngoko kacampuran tembung krama inggil diarani basa ....
    a. ngoko lugu
    b. ngoko andhap
    c. krama lugu
    d. krama inggil
    e. ngoko alus
8. Winarno ngombe wedang jahe. Klebu tuladhane basa ....
    a. ngoko lugu
    b. ngoko andhap
    c. krama lugu
    d. krama inggil
    e. ngoko alus
9. Pacelathon ing antarane sapepadhane, klebu titikane basa ....
    a. ngoko lugu
    b. ngoko andhap
    c. krama lugu
    d. krama inggil
    e. ngoko alus
10. Bapak tindak menyang Malang nitih sepur, klebu tuladhane basa ....
    a. ngoko lugu
    b. ngoko andhap
    c. krama lugu
    d. krama inggil
    e. ngoko alus

B. Wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngisor iki kanthi wangsulan kang bener!

1. Jlentrehna kang diarani teks profil tokoh!
2. Sebutna bab kanggo nggampangake mangerteni isine teks profil tokoh!
3. Apa isine buku kang ditulis dening Kartini?
4. Apa buku kang kaanggit dening Kartini?
5. Salinen ukara ngisor iki nganggo basa krama alus! *Bapak mulih saka kantor wis kesel.*
6. Kepriye cara nitikake crita ing novel?
7. Jlentrehna pambedane novel karo roman!
8. Sebutna unsur-unsur pandhapuk novel!
9. Apa pangerten unsur ekstrinsik novel?
10. Sebutna kang mangaribawani (ngaruhi) dianggite novel saka unsur ekstrinsik!